



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN KONPLÈ POU RANFÒSE MENDÈV NEW YORK LA EPI EDE EKONOMI AN DEVLOPE

*Y ap revize inisyativ sèt etap Devlopman MendèV la nan New York pou konsantre sou bezwen rejyonal yo, ogmante aksè nan nouvo karyè ak sèvis karyè yo, epi rekrite nouvel jenerasyon mendèV New York la*

*Plan an ap etabli New York kòm yon modèl travay pou moun ki andikape yo epi ranfòse pwoteksyon pou tout travayè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan konplè pou ranfòse mendèV New York epi ede ekonomi an devlope nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2022. Inisyativ sèt etap la reimajine epi revize apwoch New York pou devlopman mendèV lè li konsantre sou bezwen rejyonal yo, k ap kreye epi ogmante aksè nan sèvis karyè ak travay pou lavni yo, epi idantifye mwayen inovan pou konstui mendèV lavni an.

"Pandemi an te lakoz domaj ekstraòdinè pou mendèV nou an, epi pou retounen pi fèm, nou dwe kreyatif ak apwoch nou epi travay dirèkteman ak patnè rejyonal ki te sou teren an ap ede konekte Nouyòkè yo ak travay," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pran yon apwoch konplè ki abòde pwoblèm sa sou plizyè ang, nou ka adapte solisyon nou yo pou reponn pi byen ak rejyon, sektè oswa patikilye a."

MendèV New York la pako fin rekipere nèt de ralantisman akòz pandemi an. Jiska sezon otòn 2021, defisi travay New York la te twa fwa pi gwo pase mwayèn nasyonal la, epi pi wo nan kèk mezi pase nenpòt lòt eta. Anplwayè nan kèk sektè ki gen anpil demann yo te obsève yon vag nan pòs ki ouvè yo alòske sa yo ki nan sektè esansyèl yo ap goumen pou kenbe epi rekrite meyè talan.

Pou fè opòtinite travay ki enpòtan avanse epi sipòte sektè atravè Eta a, Gouvènè Hochul ap revize apwoch eta a pou devlopman mendèV, pandan l ap investi nan yon gam pwogram konplè an menm tan pou debloke opòtinite karyè ki prepare plis Nouyòkè pou travay lavni yo.

Pou reyalize sa, Gouvènè a ap:

**Kreye Biwo MendèV ak Devlopman Ekonomik pou revize efò devlopman mendèV Eta a epi konsantre sou bezwen presi rejyon yo**

Pou reponn ak bezwen travayè ak biznis yo alafwa, pandan l ap rekonèt tou, diferans ant ekonomi rejyonal yo, Gouvènè Hochul ap kreye Biwo Devlopman Mendèv ak Ekonomik lan (Office of Workforce and Economic Development) pou dirije devlopman mendèv la atravè eta a.

Nouvo biwo a ki dirije pa Empire State Development epi ki administre atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Council, REDC) nan kolaborasyon ak Depatman Travay la (Department of Labor), State University of New York (SUNY) ak City University of New York (CUNY), ap eksplwate relasyon Empire State Development ak anplwayè nan tout eta a, epi prezante kòm yon patnè konfyans nan kominote biznis la pou ede idantifye bezwen anplwayè yo bonè epi fòme Nouyòkè pou reponn ak bezwen sa yo. Pou asire fleksibilite pou reponn ak bezwen chanjman yo, chak REDC ap ede detèmine finansman devlopman mendèv nan tan reyèl, sou baz kontini (kontrèman ak yon sik finansman anyèl) pou jenere yon rezo nouvo travayè pou sektè ki enpòtan sou plan rejyonal yo.

Anplis, Gouvènè Hochul ap ranfòse pwogram devlopman mendèv Biwo Nouvo Ameriken an (Office of New Americans), ki vize sipòte nouvo Ameriken yo nan pakou karyè yo atravè divès inisyativ.

### **Ede plis Nouyòkè avanse ant edikasyon ak karyè yo**

Gouvènè Hochul ap mete anplas yon plan pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo avanse ant edikasyon ak karyè yo, bay etidyan yo pakou ak asistans pou yo pran diplòm yo nan lè yo epi nan yon fason ki pi rantab.

Eleman nan plan sa genyen ladan l:

- Elaji Pwogram Asistans Frè Ekolaj tan pasyèl yo, k ap pèmèt paran ak travayè ki deplase yo ale lekòl san yo pa boulyèse lavi yo, k ap sèvi 75,000 elèv;
- Bay sipò finansye pou fòmasyon mendèv ki pa gen diplòm nan CUNY ak SUNY;
- Devlope patenarya finansman piblik-prive pou kreye nouvo opòtinite estaj pou etidyan SUNY ak CUNY yo;
- Etabli yon politik ki t ap pèmèt eksperyans travay yo kontan pou kredi diplòm yo; epi
- Ensité pwogram enskripsyon paralèl sou reyalizasyon kredi ak enskripsyon

### **Ogmante aksè nan estaj**

Estaj ki otorize se yon zouti enpòtan pou mobilite ekonomik, men se pa tout Nouyòkè ki kapab pwofite de pwogram sa yo. Aktyèlman, Eta a genyen apeprè 18,400 estajye nan 975 pwogram estaj otorize, avèk 40 pousan nan pwogram yo ki nan domèn ki gen gwo kwasans tankou Enfòmasyon, swen sante, ak fabrikasyon avanse.

Pou ede ogmante aksè nan estaj nan domèn k ap emèje sa yo, Gouvènè Hochul ap:

- Ogmante finansman pou pwogram estaj nan SUNY ak CUNY;
- Elaji Kredi Enpo pou Estaj Empire State la epi ensite plis anplwayè pou anboche jèn ki devavorize;
- Sipòte estaj nan sektè ki gen anpil kwasans, ki sible gwoup ki mal reprezante tankou fanm ak moun koulè yo;
- Kreye yon pòtay pre-estaj pou ede Nouyòkè yo jwenn pwogram ki bon pou yo;
- Sipòte antre dirèk nan pwogram pre-estaj yo ansanm ak òganizasyon k ap sipòte pre-estaj yo; epi
- Fè depans pou estaj ki kalifye yo elijib pou depans kont epay (529) ki pa depans inivèsite

### **Rekrite nouvell jenerasyon sèvitè piblik yo**

Avèk plis pase yon ka mendèv ki kalifye Eta a ki pral pran retrèt nan 5 pwochen lane yo, li enperatif pou New York kontinye atire moun ki pi bon epi ki pi briyan yo pou karyè nan sèvis piblik pou nou ka kontinye reponn ak bezwen sila yo n ap sèvi yo.

Pou konble eka sa epi konstui yon rezo nouvo talan ki divèsifye ki pi solid nan Eta a, Gouvènè Hochul ap:

- **Rann egzamen pou sèvis sivik yo pi aksesib:** Nouvo sant pou tès Depatman Sèvis Sivik (Department of Civil Service) yo ap etabli nan kanpis inivèsite SUNY nan tout Eta a pou rann li pi fasil pou etidyan ak moun k ap chèche travay yo pase egzamen yo nan pwòp kominote yo epi amelyore rekritman ak opòtinite travay pou popilasyon divèsifye yo.
- **Fè pwomosyon rekritman ki divèsifye:** Pou ede ajans eta yo rekrite moun ki pi bon epi ki pi briyan pi rapid ke posibil, Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon pou chanje Lwa sou Sèvis Piblik la pou akselere rekritman kandida ki divèsifye ki kalifye pou karyè nan sèvis piblik yo epi rasyonnalize pratik rekritman yo.
- **Konsève entegrite egzamen sèvis sivil la:** Depatman Sèvis Sivil la ap ogmante efò pou asire ke egzamen sèvis sivil yo konsève règ entegrite ak ekite ki pi wo yo.

### **Devlope rezo talan nan teknoloji Eta a**

Chak jou, Nouyòkè yo angaje deplizanpli nan sèvis gouvènman dijital, yon tandans ki te akselere depi kòmansman pandemi COVID-19 la. Toutotan bezwen yo ap ogmante pou sèvis sa yo, se toutotan bezwen pou talan teknik pou konstui, livrez, epi amelyore sèvis sa yo ap ogmante. Gouvènè Hochul ap ogmante rezo talan teknoloji yo lè li ogmante ekspozisyon nan wòl teknik nan sèvis gouvènman yo atravè estaj, bousdetid, ak opòtinite nan mitan karyè.

Nan kad efò sa, Gouvènè a ap:

- **Etabli yon nouvo pwogram bousdetid pou apiye siksè Pwogram Bousdetid Sèvis Excelsior a:** Inisyativ sa ap atire kandida ki soti nan lekòl atravè New York, ki enkli elèv ki gen antesedan ki reprezante nan nivo ki fèv nan teknoloji istorikman, pou bay moun ki gradye yo opòtinite pou antre nan sèvis piblik pou de zan touswit apre lekòl.
- **Etabli yon nouvo ekip SWAT Dijital:** Pwogram sa ap ofri teknisyen ki nan mitan karyè yo opòtinite pou pase yon misyon 18 mwa nan gouvènman an, ap travay pou akselere kapasite Eta a pou livre sèvis dijital ki kalifye pou Nouyòkè yo.

### **Fè New York yon modèl Travay pou Travayè ki Andikape yo**

Nan ane resan yo, se sèlman yon tyè nan Nouyòkè ki gen laj travay ki andikape yo ki te gen yon djòb — ki klase 38yèm nan peyi a. Pou fè New York vin yon lidè nan domèn sa, Gouvènè Hochul ap travay pou ogmante opòtinite travay nan domèn k ap devlope anpil yo pou travayè ki andikape yo lè li:

- **Kreye yon Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape:** Gouvènè Hochul ap kreye Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape a pou sèvi kòm yon defansè pou bezwen moun ki andikape epi asire ke yo akòde opòtinite pou egzèsè tout dwa ak responsablite yo pou sitwayen nan eta sa, epi yo akòde yo pou moun ki andikape yo, k ap enkli trètman divès faktè ki anpeche moun ki gen enfimite yo jwenn travay ki enpòtan. Biwo a ap anchaj pou fè rekòmandasyon travay presi, ki oryante sou aksyon pou:
  - Asire biznis yo rete angaje pou anplwaye moun ki andikape epi yo gen zouti ki nesesè pou fè sa;
  - Diminye baryè konpayi yo fè fas nan anplwaye moun ki andikape epi travayè yo fè fas pou jwenn pòs sa yo;
  - Eksplwate kredi enpo federal ak Eta yo;
  - Mete rekòmandasyon Premye Travay 2015 lan ajou;
  - Idantifye pi bon itilizasyon pwogram fòmasyon ak travay Eta a finanse ki egziste yo ansanm ak Sèvis Oryantasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Kontini - Readaptasyon Pwofesyonèl yo; epi
  - Devlope Komisyon Eta New York pou Pwogram Antrepriz Biznis pou Moun Avèg la (Blind's Business Enterprise Program)
- **Angaje Gouvènman Eta New York la pou vin yon anplwayè modèl:** Pou bay yon egzanp pou lòt eta yo swiv epi ogmante kantite travayè ki andikape ki anplwaye nan sektè piblik New York, Gouvènè Hochul ap bay Depatman Sèvis Sivil (Department of Civil Service) Eta a chaj pou travay ak lòt ajans ak sendika travay yo pou amelyore pwogram Sèvis Sivik 55 b/c yo, ki otorize Eta a pou deziyen jiska 1,200 pòs nan klas ki pa konpetitif pou anplwaye moun ki andikape ki kalifye ak jiska 500 pòs pou anplwaye ansyen militè ki te fè lagè ki andikape. Y ap mete pwogram sa ajou pou otorize transfè anplwaye ki pa konpetitif nan pwogram 55-b ak 55-c yo nan klas konpetitif, depi yo reponn ak egzijans pou

egzamen konpetitif la, pou pèmèt mobilite karyè ki pi rapid. Anplis, ajans kle Eta yo ap kreye fòmasyon pou anplwaye Eta yo sipòte moun ki andikape yo pi byen.

- **Amelyore sistèm sèvis travay New York yo:** Inisyativ sa ap amelyore sistèm Sèvis Travay New York la, yon patenarya inik ant Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) ak Depatman Travay la ki egziste pou sipòte sistèm sèvis travay la an antye, kèlkeswa sou-kalite enfimite oswa afilyasyon ajans Eta a.

### **Pwoteje epi ranfòse dwa travayè yo**

Pou asire kwasans ak rekiperasyon ekonomik Eta nou an relve tout travayè, Gouvènè Hochul ap:

- **Entèdi Akò ki limite kapasite travayè yo pou deplase epi travay libreman:** Gouvènè Hochul ap pwopoze pou elimine akò ki pa konpetitif pou travayè k ap fè pi piti pase salè mwayen an nan Eta New York epi pou entèdi klèman tout akò "ilegal" dapre lwa antimonopòl la.
- **Ogmante Pèn Kriminèl pou anplwayè ki komèt vòl salè yo:** Gouvènè Hochul ap pwopoze ogmante pèn kriminèl pou anplwayè ki komèt vyolasyon vòl salè yo volontèman oswa entansyonèlman pou koresponn pi byen ak sanksyon ki aplike pou lòt kalite vòl yo — vòlè salè se vòlè.
- **Modènize fason travayè yo depoze Plent kont Lwa Travay yo pou yo pi aksesib pou mendèv jodi a:** Depatman Travay Eta a ap amelyore pwosesis pou travayè yo pote plent sou salè ki pa peye, diskriminasyon, lè yo pa bay konje Eta a mandate, ak lòt vyolasyon kont lwa travay la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)